

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMENDASI

1.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Ajén Falsafah dina Upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA”. Tujuan ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun upacara Hajat Lembur, ajén falsafah anu aya dina upacara Hajat Lembur jeung larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca hartikel di SMA. Tiori anu digunakeun pikeun nganalisis ajén falsafahna nya éta tiori Hidayat Suryalaga. Sedengkeun métode anu dipaké nya éta métode déskriptif, kalayan ngagunakeun studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokumentasi.

Upacara Hajat Lembur anu ditalungtik pernahna di Kampung Adat Cikondang Désa Lamajang Kecamatan Pangaléngan Kabupatén Bandung. Ieu tradisi téh geus dilaksanakeun sacara turun-tumurun ti taun 1947. Tujuanana pikeun tulak bala jeung pikeun tasakur bini'mah, ogé silaturahmi pikeun ngaraketkeun duduluran jeung sabilulungan antarwarga masarakat, hususna masarakat Kampung Adat Cikondang. Prak-prakan tradisi upacara Hajat Lembur ngawengku pra upacara, prakna upacara, jeung pasca upacara. Pra upacara nya éta nyiapkeun sagala hal anu kudu ditataharkeun saacan upacara Hajat Lembur. Sapoé saacan upacara, masarakat anu ilubiung dina ieu upacara, sacara gotong royong nyiapkeun kaperluan-kaperluan upacara. Prakna upacara nya éta prungna upacara Hajat Lembur, dimimitian ti jam 07:00 nepi ka jam 09:00 isuk-isuk, dilaksanakeun di buruan bumina Bapa Rahmat anu dijadikeun patokan tengah lembur, jeung ti jam 10:00 nepi jam 11:30 beurangna dilaksanakeun di Tanjakan jalan Cikondang. Ari pasca upacara nya éta kagiatan sanggues upacara Hajat Lembur, dimimitan ti jam 13:00 nepi ka réngsé. Kagiatanana nya éta tasakuran jeung dahar bareng tumpeng jeung kadaharan nu lianna. Saanggeus kitu dituluykeun ku kagiatan ngabagikeun tumpeng anu tadina dikumpulkeun masarakat anu ilubiung dina upacara, jeung ngabagikeun sawén.

Dina upacara Hajat Lembur loba pisan ajén falsafahna. Ieu hal kapanggih dina runtuyan kagiatan ogé alat jeung bahan dina upacara. Tiori anu dipaké nya

Rinie Mutia Widaningsih, 2015

AJÉN FALSFAH DINA UPACARA HAJAT LEMBUR DI KAMPUNG ADAT CIKONDANG DÉSA
LAMAJANG KECAMATAN PANGALÉNGAN KABUPATÉN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

éta tiori Hidayat Suryalaga dina bukuna “Filsafat Sunda”, anu salasihijina ngaguar Pancacuriga, anu ngawengku: 1) Silib; 2) Sindir; 3) Simbul; 4) Suluk/Siloka; jeung 5) Sasmita.

Silib nya éta ngama'naan hiji hal anu teu langsung diomongkeun sacéréwélna tapi dikiaskeun (disumputkeun) kana hal anu lian (*allude*). Ieu hal kapanggih dina sakabéh pakakas upacara Adat anu miboga ajén falsafah séwang-séwangan. *Sindir* nya éta ngagunakeun susunan kalimah anu béda (*allusion*). Dina ieu panalungtikan, teu kapanggih ayana *Sindir* dina runtuyan upacara Hajat Lembur di Kampung Adat Cikondang. *Simbul* nya éta *penggunaan* dina wangun lambang (*symbol, icon, heraldica*). Anu jadi simbul dina upacara Hajat Lembur di antarana nya éta Sawén. Anu jadi *iconna* nya éta hayam bulu beureum-konéng jeung hayam bulu hideung.

Sedengkeun *Suluk/Siloka* nya éta ngébréhkeun dina wangun “pengandaian” atawa gambaran anu béda (*aphorisma*). Hal anu nyampak tur aya pakaitna jeung *suluk/siloka* dina upacara Hajat Lembur teu leupas tina sababaraha pakakas upacara anu miboga harti anu aya pakaitna jeung paribasa Sunda, nya éta dina ilateun (*ulah seukeut ilateun*) anu hartina kudu bisa ngajaga omongan, dina gula beureum, anu miboga harti *kudu amis budi*, ogé dina haur konéng jeung konéng dian sawéreun (*kudu cueut ka nu hideung, ponténg ka nu konéng*) anu hartina ngajauhan sagala hal anu teu pikangeunaheun atawa mamala, jeung leuwih ngutamakeun anu alus, jeung dina cai hérang (*ulah hérang-hérang cai béas*) anu hartina ulah miboga haté anu diluarna mah atawa pameunteu mah siga nu marahmay tapi di jero haténa kiruh atawa sirik, geuleuh ka batur. Jeung *Sasmita*, nya éta hal anu aya kaitana jeung rasa atawa suasana haté (*deep aphorisma*). Ku ayana rasa kabungah kana ni'mat hirup, masih bisa silaturahmi jeung warga nu lian, anu nyampak nalika dahar jeung ngadu'a babarengan pikeun kasalametan hirup di dunya jeung di ahérat.

Tina hasil analisis, pedaran ngeunaan upacara Hajat Lembur d Kampung Adat Cikondang bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca artikel di SMA. Ieu hal luyu jeung bahasan hartikel anu aya dina SKKD Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Taun 2006 ngeunaan hartikel budaya pikeun SMA kelas XII. Ku

kituna, hartikel “Upacara Hajar Lembur di Kampung Cikondang”, bisa dilarapkeun dina éta pangajaran.

1.2 Rékomendasi

Tina ieu panalungtikan, loba mangpaatna pikeun nu nyusun. Salian ti apal kana sajarah, prak-prakan, jeung ajén falsafah dina upacara Hajat Lembur, ieu panalungtikan ogé bisa nambahan pangalaman jeung pangaweruh ngeunaan budaya. Sangkan hasil ieu panalungtikan leuwih mangpaat, aya sawatara rékomendasi pikeun pihak-pihak anu patali jeung ieu panalungtikan, saperti lembaga pendidikan, pihak disbudpar, akademisi, jeung masarakat.

1.2.1 Lembaga Pendidikan

Pikeun lembaga pendidikan, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Luyu jeung SKKD, ngeunaan maca hartikel budaya téh aya dina pangajaran maca hartikel di SMA kelas XII. Jadi, hartikel upacara Hajat Lembur téh cocog pikeun alternatif bahan pangajaran maca hartikel budaya di SMA kelas XII.

1.2.2 Pihak Disbudpar

Disbudpar salaku instansi anu aya patalina dian widang kabudayaan jeung pariwisata, dipiharep bisa leuwih ngarojong kana kamekaran budaya di unggal wewengkon, boh tina segi matéri, boh tina segi kapamingpinan.

1.2.3 Akademisi

Dina tradisi upacara Hajat Lembur, loba kénéh ajén-inajén anu bisa ditalungtik, contona ajén budaya, ajén sosial, atawa tina segi sémiotikna. Pikeun nu rék nalungtik kahareupna ngeunaan upacara Hajat Lembur, dipiharep bisa leuwih ngalengkepan deui dina hal data hasil panalungtikanana, boh dina dokuméntasina, boh dina narasumberna, sangkan hasilna leuwih alus.

1.2.4 Masarakat

Masyarakat salaku palaku dina upacara Hajat Lembur alusna mah apal kana ajén-inajén anu aya dina upacara Hajat Lembur, sangkan teu loba salah paham jeung bisa ngajénan kana budaya. Lian ti éta, bisa ngarojong kana tujuan pamaréntah ogé urang salaku manusa anu miboga budaya dina hal ngamumulé budaya, contona waé bisa ngawanohkeun ieu tradisi ka masarakat séjén sangkan teu kasilih ku junti.